

DEKRÈ EGZEKITIF

**DEZIYASYON DAPRE SEKSYON 6 AK SOU-DIVIZYON 8 SEKSYON 63
LWA EGZEKITIF**

ALÒSKE, moun ki pase nan eleksyon, ki jwenn nominasyon epi ki anboche pou sèvi kòm ofisyèl piblik te gen pozisyon yo nan konfyans pou Pèp Eta a; epi

ALÒSKE, abi fonksyon ofisyèl piblik yo ak move konduit yo fè pandan yo nan fonksyon an, kriminèl oswa lòt move zak, nuizib pou konfyans Pèp la epi sa diminye kapasite gouvènman an pou fonksyone; epi

ALÒSKE, lwa, règleman ak pwosedi ki konsène pwosesis elektoral nou, tankou deziyasyon kandida yo, ak finansman kanpay ak eleksyon yo, dwe sipòte konfyans piblik la ak ankouraje demokrasi a ak responsablite ofisyèl ki pase nan eleksyon yo pou elektè yo ak seleksyon fonksyonè piblik etik yo; epi

ALÒSKE, li enpòtan pou lwa, règleman ak pwosedi ki kontwole konduit ofisyèl piblik yo, pwosesis elektoral la ak finansman kanpay elektoral yo pisan, efikas ak jeneral, epi ranfòse yon fason onèt ak sevè pou ankouraje konfyans piblik la nan gouvènman Eta a; epi

ALÒSKE, Komisyon Eleksyon Eta New York gen otorite pou sipèviz pwosesis elektoral la epi pou ranfòse lwa elektoral yo, tankou sa ki asosye avèk finansman kanpay elektoral yo ak divilgasyon kontribisyon ak depans yo; Divizyon Bidjè Eta New York gen responsablite pou egzekite obligasyon konstitisyonèl anrapò avèk bidjè anpil milyon dola Eta a; epi chak depatman Eta, konsèy, biwo oswa komisyon gen obligasyon pou administre gwoup kontra, sibvansyon, pwogram ak finansman nan pi bon enterè Pèp Eta New York, san okenn move enfliyan; epi

ALÒSKE, Egzekitif la gen obligasyon dapre Konstitisyon New York Atik IV, § 3 pou rapòte ba Lejislati a chak peryòd sou “kondisyon eta a, epi pou rekòmande pou zafè ba li tankou li dwe kwè sa nòm,al,” epi pou “pran prekosyon pou lwa yo egzekite avèk bon volonte”; epi

ALÒSKE, mwen kwè li gen anpil enpòtans piblik pou feblès nan lwa, règleman ak pwosedi ki la deja pou mennen ankèt sou yo epi pou abòde yo yon fason pou bay pwoteksyon kont lòt abi, pou asire responsablite, pou redui enfliyan lajan nan politik, epi pou repare konfyans piblik la nan gouvènman Eta New York;

KOUNYE A, KIDONK, MWEN, ANDREW M. CUOMO, Gouvènè Eta New York, akòz otorite Konstitisyon an ak Lwa Eta New York ban mwen, òdone sa ki endike anba la a: New York Atik IV, § 3 pou rapòte ba Lejislati a chak peryòd sou “kondisyon eta a, epi pou rekòmande pou zafè ba li tankou li dwe kwè sa nòm,al,” epi pou “pran prekosyon pou lwa yo egzekite avèk bon volonte”; epi dapre Seksyon Sis ak Sou-Divizyon Uit Seksyon Swasant-Twa Lwa Egzekitif la, mwen:

- I. Deziyen yon Komisyon kòm Komisyon pou Mennen Ankèt sou Koriipsyon Piblik k ap gen vennsenk manm, ki dwe se Kathleen Rice, William J. Fitzpatrick, Milton L. Williams, Jr., J. Patrick Barrett, Richard Briffault, Daniel J. Castleman, Derek P. Champagne, Eric Corngold, Kathleen B. Hogan, Nancy Hoppock, Seymour W. James, Jr., David Javdan, Robert Johnson, David R. Jones, Lance Liebman, Joanne M. Mahoney, Gerald F. Mollen, Makau W. Mutua, Benito Romano, Frank A.

Sedita, III, P. David Soares, Kristy Sprague, Betty Weinberg Ellerin, Peter L. Zimroth ak Thomas P. Zugibe kòm Manm Komisyone Espesyal pou mennen ankèt sou jesyon ak afè nenpòt depatman, konsèy, biwo oswa komisyon Eta a, oswa nenpòt sou-divizyon politik Eta a, ak feblès nan lwa, règleman ak pwosedi ki la deja yo, konsènan zafè ki endike anba la a. Robert M. Morgenthau dwe se Konseye Espesyal pou Komisyon an. Joseph A. D'Amico, Raymond W. Kelly ak Barbara Bartoletti dwe se Konseye Espesyal pou Komisyon an.

- II. Komisyon an dwe:
- a. Mennen ankèt sou jesyon ak afè Komisyon Eleksyon Eta a, tankou men pa sèlman pou (i) detèmine si Komisyon an satisfè obligasyon li anba Lwa Eleksyon an pou administre pwosesis eleksyon an epi pou sipèvize pratik kanpay eleksyon an ak pratik finansman kanpay la, (ii) egzamine entè-aksyon Komisyon an avèk moun ak enstitisyon ki deyò, tankou kandida, donatè ak komite, pou detèmine konfòmite avèk lwa Eta ki anvigè, (iii) egzamine estrikti legal, konpozisyon, otorite ak anbochaj Komisyon an, tankou men pa sèlman estrikti òganizasyonèl ak wòl Komisyon Eleksyon an, Pwokirè Jeneral, Pwokirè Etazini ak Pwokirè Distri, epi (iv) egzamine konfòmite avèk efikasite lwa finansman kanpay elektoral; epi fè rekòmandasyon pou refòm nenpòt feblès yo dekouvri nan lwa Eta ki la deja, règleman ak pwosedi;
 - b. Mennen ankèt sou feblès nan lwa ki la deja, règleman ak pwosedi ki konsène kontwòl aktivite lòbi, tankou men pa sèlman pou egzamine konfòmite òganizasyon ak lòt moun ki angaje nan aktivite lòbi ak lòt efò pou enflyanse règleman piblik ak eleksyon yo, tankou òganizasyon ki gen egzanpsyon nan taks anba Seksyon 501(c) Kòd Internal Revenue, avèk egzijans lwa Eta ki la deja ki anba Kontwòl komisyon Miks pou Etik Piblik, ak kantite ase egzijans sa yo; epi fè rekòmandasyon pou refòm nan nenpòt feblès yo dekouvri nan lwa Eta a ki la deja, règleman ak pwosedi; epi
 - c. Mennen ankèt sou feblès nan lwa ki la deja yo, règleman ak pwosedi ki konsène fason pou rezoud koripsyon piblik, konfli enterè, ak etik nan Gouvènman Eta a, tankou men pa sèlman lwa kriminèl ki bay pwoteksyon kont abi konfyans piblik; epi fè rekòmandasyon pou fè refòm nan nenpòt feblès yo dekouvri nan lwa Eta ki la deja, règleman ak pwosedi.
- III. Kathleen Rice, William J. Fitzpatrick ak Milton L. Williams, Jr., deziyen kòm Ko-Prezidan Komisyon an.
- IV. Dapre Sou-Divizyon Uit Seksyon Swasant-Twa Lwa Egzekitif la, mwen mande pou Pwokirè Jeneral la mennen ankèt sou zafè ki endike nan Dekrè sa a, epi mwen jwenn ki konsène lapè piblik, sekirite piblik ak jistis piblik, epi mwen mande pou Pwokirè Jeneral la fè sa lè li deziyen moun ki site anwo a kòm Manm Komisyon ki se pwokirè kòm Pwokirè Jeneral Adjwen epi delege Pwokirè Jeneral Adjwen yo otorite pou egzèse pouvwa ankèt yo bay pou yon ankèt dapre Sou-Divizyon Uit Seksyon Swasant-twa a.
- V. Mwen bay ak akòde Manm Komisyon yo tout pouvwa ak otorite yo ka bay oswa akòde pou moun ki deziyen anba otorite Seksyon Sis ak Sou-Divizyon Uit Seksyon Swasant-Twa Lwa Egzekitif la, tankou pouvwa pou bay asiyasyon pou konparèt epi pou ranfòse prezans temwen apa, piblik ak prive, pou administre deklarasyon sou sèman epitou pou egzamine temwen yo anba deklarasyon sou sèman, epi pou egzije pwodiksyon nenpòt liv oswa papye yo kwè ki enpòtan oswa nesèsè; men depi, (1) Ko-Prezidan yo dwe apwouve alawonnbadè nenpòt asiyasyon pou konparèt anvan yo pibliye li; epi (2) Ko-Prezidan yo dwe apwouve alawonnbadè pwosedi ak règ tankou si yo kwè li nesèsè pou gouvènè egzèsis pouvwa ak otorite yo bay oswa akòde pou Manm Komisyon yo dapre Seksyon Sis ak Sou-Divizyon Uit Seksyon Swasant-twa, tankou règ ki deziyen pou bay transparans pandan y ap pwoteje onètete ankèt la ak dwa pou enfòmasyon prive.
- VI. Si nan pwosesis ankèt li, Komisyon an jwenn prèv ki montre yon vyolasyon lwa ki la deja yo, yo dwe kominike prèv sa a san pèdi tan ba Biwo Pwokirè Jeneral la ak ba lòt otorite aplikasyon lalwa apwopriye, epi Komisyon an dwe pran mezi pou fasilite rekòmandasyon nan jiridiksyon ki apwopriye. Sipè-Entandan Divizyon Lapolis Eta a dwe, jan sa apwopriye, otorize Pwokirè Jeneral la, dapre dispozisyon Sou-Divizyon Twa Seksyon Swasant-Twa Lwa Egzekitif la, pou mennen yon ankèt sou nenpòt zak yo ka pouswiv lajistis oswa zak ki fèt nan nenpòt aktivite ki depannde yon ankèt Komisyon an, epi pou pouswiv lajistis moun nan oswa moun yo kwè ki fè menm krim nan oswa nenpòt krim oswa zak ankèt la oswa pouswiv lajistis la oswa toulède dekouvri, tankou men pa sèlman, konparisyon devan lajistis ak prezantasyon tout zafè yo devan yon gran jiri. Komisyon an dwe kolabore avèk ajans k ap fè pouswit pou pa menase ankèt ak pouswit lajistis k ap fèt.
- VII. Chak depatman, konsèy, biwo, ak komisyon Eta a, tankou men pa sèlman ajans Eta a, dwe bay Komisyon an tout asistans ak kolaborasyon, tankou itilizasyon enfrastrikti Leta, ki ka nesèsè oswa posib pou responsablite yo oswa pou objektif Dekrè sa a.

- VIII. Komisyon an dwe pibliye yon rapò preliminè sou règleman an nan dat 1ye desanm 2013 oswa anvan, pou endike premye rezilta yo epi pou fè rekòmandasyon yo jan sa obligatwa nan Dekrè sa a pou objektif espesyal konsiderasyon ak piblikasyon refòm legal Gouvènè a ak Lejislati a nan sesyon lejislatif ane 2014. Komisyon an dwe pibliye yon lòt rapò oswa kèk lòt rapò nan dat 1ye janvyè 2015 oswa anvan oswa nan yon dat oswa anvan yon dat yo dwe detèmine. Tout rapò yo dwe jwenn apwobasyon yon majorite Manm Komisyon an ki gen tout Ko-Prezidan yo ladan.
- IX. Komisyon an dwe fè odyans piblik yo nan Eta a pou bay opòtinite pou manm piblik la ak moun ki enterese yo fè kòmantè sou pwoblèm ki nan limit travay li.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan dezyèm jou mwa jiyè nan

ane de mil trèz.

GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a